Revue d'HISTOIRE CONTEMPORAINE de l'AFRIQUE

# Ruwàndaa, réew ma Farãs nee tott ak gàcce

Bubakar Bóris Jóob

Citer cet article : Jóob Bubakar Bóris (2021), « Ruwàndaa, réew ma Farãs nee tott ak gàcce », *Revue d'Histoire Contemporaine de l'Afrique*, Dossier : au-delà du rapport Duclert, 63-73, en ligne. URL : https://oap.unige.ch/journals/rhca/article/view/rwandawolofdiop

Mise en ligne : 08 novembre 2021

Weeru màrs 2021 wee ñu génn, ci 26eelu fan, « Ndajem gëstub ceedeefi Farãs ñeel Ruwàndaa ak faagaagalug Tutsi yi », jébbal na Emmanuel Macron ag saabal. Du woon guléet, nag. Booy seet sax, danga naan Ruwàndaa mooy mennum réewu Afrig mi tee Farãs nelaw. Lu ko waral ? Xanaa aw xeetu gàcce wees di jéem a jàngat bu ci kanamee. Li nu mënagum wax, mooy ne ba ñu faagaagalee Tutsiy Ruwàndaa yi ba tey, képp ku ñu fal Pari, ne la « Palais de l'Élysée » baa ngoog, yaay boroom, gaawtu nga santaane sag saabalu bopp ñeel ñaawteef boobule.

Ki ci jëkk, François Mitterrand la, moo fi taxawaloon kurélug dipite guñ duppe woon « La Mission Quilès » te mu amaloon fib laajantu ngir xool ndax Pari laale naam déet ci jéyya ja amoon Ruwàndaa. Kurél googu liggéey na 8i weer soog a siiwal ag saabal gu jëmmu lool, ci desàmbar 1998. Waaye, ci diir boobu, dipite Farãs yi defuñu leneen lu dul taataan ay xibaar ci mbir mi. Moo tax ñépp xamoon nañ ni du mujj fenn. Dañ faa jóge ne, aa, ñoom de waaru nañu, seet nañu seet, gisuñu lu war a tax Kigali di duut Pari baaraamu tuuma, yokk ci ne buleen kenn damm, li réew moomu sómbi na ko naan, lu ko dal moo ko teg boppam. Yemuñ ci, ndax ŋàññ nañ tamit Mbootaayu Xeet yi, gaaruwaale ci Nguurug Bill Clinton ga woon. Dafa di, xameesoon na bu baax ne setal deru Farãs rekk a leen yitteeloon. Lenn daal la dipite yooyu xaw a nangu ne njuumte la woon te moo di ne, ni François Mitterrand ak Juvénal Habyarimana jegeyoo woon dafa dem ba mujjee gëlëmal Farãs, muy sotle nguuru Kigali ga dëkke woon saax-saaxe alalu Ruwàndaa ak a fitnaal askanam, rawatina Tutsiy réew ma.

Ci atum 2004, la ay mbootaay (« Survie », « Aircrige », añs.) ak i way-moomeeli Farãs ni fàww maxejj yi am i leeral ci musiba ya seen gornmaa defoon Ruwàndaa, daldi taxawal seen « Ndajem laajantu » bopp. Ñoom nag, lépp la « Mission Quilès » waxoon lañu dindi ba mu set wecc, ñaawlu patt-pattaaralam ciy xew-xew yu am solo, naqarlu yit sos yiñ sosoon ci mbir mi. Ndege, dipite yooyu, par-parloo ak sàmm seen derub réew rekk a leen taxoon a jóg.

Ndax ci ñaari saabal yooyu la Farãs yem ? Déedéet. Bi mu gisee ni, ci biir Farãs ak ca bitim-réew, ñu baree ngi doon wéy di tam dëmm Pari, Emmanuel Macron da ni lii kat gàcce la, te ginnaaw werante xuuxaan tekki tubéy, fàww askan wi xam fan la dëgg gi féete. Ci la giseek 13i boroom xam-xam – ci njiiteefu Vincent Duclert, dib aji-mboor – ne leen ñu gën a luññutu faagaagalug Tutsi yi ca Ruwàndaa. Nga ne ma defal ndànk, saabal yaa ngi bëgg a

Délivré selon les termes de la Licence Creative Commons Attribution Pas d'Utilisation Commerciale 4.0 International.

Open Acess Publication https://oap.unige.ch/journals/rhca. e-ISSN : 2673-7604

bari, kat ! Moo ! Lu Ruwàndaa ameel Farãs ? Lu Farãs am Ruwàndaa ? Moone de, Ruwàndaa bokkul ci réewi Afrig yi Farãs mës a teg loxo, di leen noot ci lu bir… Te sax, ci diggi atiy 1970 yi rekk la fa tàmbalee am baat. Kon, lu mu war a joteek Ruwàndaa ba koy singali nii ?

Lii, teey na xel.

Féncub faagaagalug Tutsiy Ruwàndaa yi noon na kurr ca Farãs, ñaari gis-gis yu safaanoo yàgg faa jànkoonte. Li ciy njëkk a rote ci njàngat, mooy ab soofantal. Nde, Farãs mësul a fullaal dëgg-dëgg faagaagalug Tutsiy Ruwàndaa yi. Bu dee pólitiseŋ yeek way-tas-xibaar yi, ñoom, ca ndoorteel la ba tey, li leen gënoon a soxal moo doon kenn bañ cee tudd seen réew, di junjub kootoo ci digganteem ak bóomkati Kigali ya. Mu am ci, nag, ay xeltukat yoo xam ne, baatub « faagaagal » ci boppam a yóbbu seen fit, ndax rekk ni mu diise. Dafa di, ñaawaayu baat bee tax nanguwuñ ñu koy dendaleek turu Farãs ci genn kàddu gi te yit képp ku repp ba ne amaana Farãs laale na ci ñaawteef yooyu, ñu dal sa kow. Ñoom daal, ni ñuy fexee ba setal seen deru réew rekk a leen mës a ñor. Jaral na leen sax sosal képp ku wuteek ñoom gisin ci mbir mi ; dinañuy dem bay méngale Saa-Ruwàndaa yeek i rabi-àll. Rusuñu ci dara : tàggook seen sago, wax wax ju ñaaw, yàq der… Kenn waruta fàtte kàdduy Mitterrand yu kéemaane ya fi ab taskatu xibaar bu tudd Patrick de Saint-Exupéry xamle woon. Lii la Mitterrand tontu bañ ko laajee xalaatam ci faagaagalug Tutsiy Ruwàndaa yi : « Xeeti réew yooyu, de, mënees na faa rey ñépp te du yëngal kenn, nun noo fi nekk di wax waxu faagaagal waaye ci ñoom loolu lépp amul benn solo[1]. » Ku taxaw seetlu tuuti, dina gis ne, màggat mi gémmiñam gu xasaw gi waccu kàddu yu ñàkk yërmaande yooyu, da doon daw res doŋŋ. Dafa meloon ni ku dem ba janook lu ñaaw li mu def, fit wi rëcc, muy jéem a gëmloo boppam ne, dee, moom taqul te yit taqalul réewam ci « faagaagalug bëccëgu-ndara-kàmm ». Ku déglu bu baax, dinga dégg lees waxul : « man, François Mitterrand, defuma Ruwàndaa dara lu tax ñu may war a méngale ëllëg ak Adolf Hitler… »

Waaye coow li, coow li, lenn rekk a am, mooy ne Saa-Farãs yu bare dañoo dencal Ruwàndaa mer. Moo tax ñu daas seen làmmiñ, të leen a teggi ci deru Saa-Ruwàndaa yi. Way-xelluy Farãs yi mel niy dëmm yu jafuur yoo xam ne, fileek saagawuñ way-deewi faagaagalug 1994 ga, duñu am jàmm. Ñoom kay, lenn rekk a leen soxal, mooy xayadiloo ña ñu reyoon Ruwàndaa ngir mbamb bañ a topp Farãs, réew mu yëg boppam, di bàkkoo ne àddina ba àddina daj, moom la yelleef ak àqi doom-aadama gën a yitteel.

Nicolas Bancel, di aji-mboor buñ ràññee, def nab gëstu ciy kàddu yu nirook yu Mitterrand yi te ñu yëkkatee leen Farãs. Ci misaal, bañ dalalee Charles Pasqua ci « Antenne 2 », ci weeru suweŋ 1994, lu mel noonu la fa wax. Biñ ko laajee naka lay gise la doon xew Ruwàndaa, lii la tontu : « Gis nga, sëriñ bi, nook ñooñu dunu benn, nun nooy ñàngal ak a yéemu ci reyante yooyuy am Ruwàndaa. Waaye, ñoom, loolu du dara ci ñoom[2]. » Nu ni déet-a-waay, ci suweŋ 1994 ba tey, bindkat bu mag bu ñuy wax Jean d'Ormesson, bokk ci mbootaay moomu amal lool solo Tubaab yi te ñu tudde ko « Académie française », dem Gikongoro ak takk-deri « opération Turquoise » yi, delsi, ràkkaaju ba bind ci « Le Figaro » ay kàdduy doomeeraam dëggëntaan. Ñoo ngi nii : « Na buqat yi gëmm, buñ jàng lii may

[1] Patrick de Saint-Exupéry, « France-Rwanda : un génocide sans importance », *Le Figaro*, 12 saŋwiyee 1998.

[2] Bancel Nicolas (2002), « Les médias français face au Rwanda. De l'intervention française de 1990 au génocide », *Africultures*, 30, ci lënd gi. URL : http://africultures.com/les-medias-francais-face-au-rwanda-1471/ (jàngees na ko ci 11eelu fanu oktoobar 2021).

nettalisi ! Ndaw rangooñ yu bari ! Mbaa génne ngeeen seeni musuwaar ? Deret jaa ngi waaj a walangaan. Céy Ruwàndaa ! Nañ fa doon bóome nit ñi dafa rekk muccoon ayib, dara dàqu ko ! Béréb yañ leen doon reye, nag ! Aka ñoo yànjoon, maasàllaa[3] ! » Mu ngoog… Ñu bare dinañ ni xanaa kay déet, dañuy sosal ngóor si d'Ormesson rekk, wànte kenn sañul a wax lu ni mel. Moone jarul werante : doomu-xaj booboo yatt xalimaam bind loolook loxo boppam te ku ko desee gëm mën ngaa def ab gëstu bu ndaw ci Google, wax joojoo ngi ne fàŋŋ ci lënd gi. Li xaw a doy waar, kay, mooy li « Le Figaro », yéenekaay buñ mës a weg, nangoo génne waxi dof yooyu. Waaye, ku maaseek sunu jamono jii rekk la lii mën a bett. Ku xam démb, dina la wóor ne jamono jooju, loolu xaajul woon saf Xonq-Nopp yi…

Xasteek féewaley xeet taxunoo jóg. Waaye, lu defu waxu, luy ay di jàmbat. Dëgg neexul te fàtte xaju fi. Fii la fiy way-ŋeleju ak ay faramfàccekati rajook tele daan fowe ak a ñaawal Saa-Ruwàndaa yi seen bakkan rot ci mbir mi. Noonu lay rajoy Farãs – ak ay tele, yaakaar naa – daje woon, ci atum 2014, ci mujjantalub etaasu benn otelu Kigali bu mag, ngir def seen liggéey ci 20[eelu] delsig-bésu faagaagal gi. Dalal nañ ma fay yoon, man mii. Waaye, ni taskati xibaar yooyule doon ñàkkalee faayda bésub pàttaliku bi daf ma rekk yéemoon. Ñu ne fa di ŋàññ ak doole Kagame, naan du njiit luy yemale, dafa sonal askanam. Li leen gënoon a ñéññloo, ñàkkul, moo doon ne fan yooyu, diggante Kigaleek Pari dafa gënoonatee ñagas, François Hollande ne ginnaaw noonu la, moo lànk, du yabal ndaw lu koy teewali Kigali. Loolu nag, jaaxaloon na ñu bare. Ci la ko Kagame gaaruwaalee ba muy wax ci àngale, daldi sërëxal ci wax ji ay baati tubaab (« les faits sont têtus », maanaam « lu ne fàŋŋ, kenn du ko jéex »). Kàddu googu reetaanloo ñépp ndax dafa leeroon ne Kagame da doon mbalag Hollande.

Léegi nag, laaj bii lañ war a samp : lu waral, boo jëlee réewi Afrig yi Farãs di xañ seen moomeel tey, mennum Ruwàndaa kesee ko ci ñemee diir mbagg ? Amaana li Farãs tàmmul a dégg ay tuuma ñeel njombey nooteel yi mu def Afrig, tuuraale fi deret ju dul jeex, moo tax. Mën naa am tamit nees koy ŋàññe ci naalub wéyal « Françafrique », moo wàññi daŋaram…

Réew mu gën a gumba Farãs amul. Tey jii la gën a noot réew yim fi tegoon loxo, tere leen a noyyi te ku wax mu mer, ne xolam bu rafet bee koy tooñati, ndax lépp lu mu mës a def Afrig, yërmaandee ko ko defloo. Kon, Farãs, ci réy ak bew bim àndal, jàpp na ne nooteelam ga njariñ rekk la woon ñeel doomi Afrig yi. Lii de la Noam Chomsky, dib xeltukatu Amerig bu siiw a siiw, di woowe ci nasaraan « *la doctrine des bonnes intentions*[4] », mu tekki ne réewi tubaab yi am doole, buñ la songee, tas sam réew, yàq ko yaxeet nañ ko fi defe woon démb Wiyetnaam walla bu yàggul rekk Iraag ak Libi, dañuy jàpp ni mooy li gën ci yow ! Maanaam, rey sa njaboot ba noppi, ñëw dëj ba, naan la : « Siggil ndigaale, metti na, gaa, wànte war nga maa gërëm ndax boo xamoon li la doon yoot ! » Sée-té-té-tét ! Noonu la réewi sowu yiy def, di mbubboo rafet njort saa bu ñuy noot ak a xoqtal yeneen xeeti àddina si ; di fàtte-fàttelu bakkan yiñ rotal yépp ci sababu nooteel gi, ak deret ji ci tuuru yépp, ak dëkk yiñ taal, kilifa yiñ toroxal, alal jiñ sàcc… Dañuy nax seen bopp rekk, di kàcc, ndax mënuñoo fàtteendoo Madagaskaar ak Sétif ak Kamerun añs. Téeméeri junniy nit yi ñu rey ci xareb Alséri ba, nag ? Nga xool lii lépp, Farãs sañ a taxaw di am lu muy lay, di jekk-jekkal, walla di setal deram. Liñ

[3] Jean d'Ormesson, « J'ai vu le malheur en marche », *Le Figaro*, 19 sulet 1994 ; Jean d'Ormesson, « La drôle d'odeur de l'église de Kibuye », *Le Figaro*, 20 sulet 1994.
[4] Chomsky Noam ([2005] 2006), *La Doctrine des bonnes intentions. Entretiens avec David Barsamian*, Pari, Fayard.

naan géwél bu repp ci xare lu mu jiin xeeb ko moo tax ay dipiteem jël benn dogal ci atum 2005, di ci rafetlu li seen réew def ca jamonoy nooteel ja…

Ndax yabeel walla xeebaate mën naa weesu lii ?

Loolu Farãs def ci xelam moo waral, saa buñ ko tuddee ci faagaagalug Tutsiy Ruwàndaa yi, mu jaaxal ko, mu naan xanaa kay du man la ñii di wax ! Rawatina ba nga xamee ni Ruwàndaa, du kenn ku mu fa gor jaasi mbaa mu dóor la balu fetal.

Waaye ku xam ni sunu jamono jiy doxe tey, dinga nànd lu tax Ruwàndaa gaaw a yëngal xolu Farãs : faagaagalug Tutsiy Ruwàndaa yi, àddina sépp a ko seede, dëggal ko, te mooy gi mujj ci xarnu bin génn. Moo tax, képp kuñ ci tudd fàww nga ne tott ak gàcce. Farãs dafa tàmm a def ay musibaam ba noppi gën fee réy làmmiñ, di leen nettalee nu mu ko neexe, di walbati yëf yi ba ku ci xamul dara da naan dañ koo sosal.

Bii yoon, maanaam ci lépp lu ñeel faagaagalu Tutsi yi, lay yooyoo ko të ticc. Li ko waral mooy li « Front patriotique rwandais » (FPR) duma nguuru bóomkati Ruwàndaa ya duma yu metti. Bu Paul Kagame jëlul woon ndam li ci ñooñu Farãs doon jàppale, neneen la ñuy nettalee tey xew-xewi Ruwàndaa ya, bu dee sax kenn dina sonal boppam di ci yéy ak a yàbbi. Dama ni la, Farãs dafa naroon a soppi wax ji, di fen di dajale, tuur nit ñi lëndëm. Bu ay dunguroom doon jiite tey jii Ruwàndaa, nettalib faagaagalug Tutsi yi neneen lay tëddee. Nde, ku la abal i bët moo lay wax fi ngay xool. Te, li Kagame nekk njiit lu am fulla, njiit lu kenn feesul i bëtam, di jiital tamit saa su ne yittey réewam, moo gën a yàqal Saa-Farãs yi.

Te sax, yëf yi mënutoon a yomb ci Farãs. Ndaxte, ci biir réew ma la ay way-yégle ak i bañkat, defoon mbirum faagaagalug Tutsi yi seen xeexu bopp, mu jaraloon leen lu ne. Loolu nag, buñ ko waxee, xel yépp dañuy daldi dem ci ñayu-xare bu mel ni François-Xavier Verschave. Waaye, jëmm ji ci gënoon a fés mooy Jean Carbonare. Keroog, 24i fan ci saŋwiyee 1993, la yëkkati ci « France 2 » kàddu yu daw yaram yii : « Li nu gën a yéem ca Ruwàndaa, mooy dayob bóom yi, nees leen nase, anam bi ñu leen tërale… Bu kenn ne bóomkat yi teyuñu li ñuy def walla dañoo tàggook seen sago. Déedéet, am naw yoon wu ñu xàll di ca jaar. Lay xew Ruwàndaa am na tur te tur woowu du dara lu dul setalub waaso, faagaagal, njekkar ñeel niteef gi ». Ngir gën a leeral wax ji, Jean Carbonare yokk ci ne : « Farãs, sunum réew miy jàppale nguur gi sumb ñaawteef yile, di ko dimbalee xaalis ak i gànnaay, mënu cee set. Sunu réew mën na, bu ko neexee, dakkal rey yay wéy Ruwàndaa ». Ndeysaan, xol bi yëngu, mu fàtte ne mu ngi tele, di yikkët, baat biy lox, mu neeti Bruno Masure, aji-dawal ji : « Yow tamit Sëñ Masure, am na loo ci mën a def ! Dangeen a war a jóg…ngir lii dakk ndaxte mën nan koo dakkal bun ko nammee ».

Kàdduy Jean Carbonare yooyule, kenn dootu leen fàtte. Waaye kilifay Farãs yi fullaaluñ woon njiitalu « Survie » la ba mu leen yëkkatee.

Ci njeexitalu faagaagal gi tamit, ñeneen bañ nañoo noppi, di biral seen mànduteek seen xol bu rafet. Ñoo xam ne, bëgg seen réew ba fu mbëggeel yem, taxul woon ñuy far ak a par-parloo, mbaa di bań a àtte dëgg. Kii di Jacques Julliard ci ñooñu la bokkoon. Doonte deesul a faral a dégg turam ci ñi yittewoo mbirum Ruwàndaa, bindoon na, ci atum 1998, lu am solo ci « Nouvel Observateur ». Dafa ne woon : « Bés dina ñëw, ñu joxoñ Farãs baaraamu tuuma ci faagaagalug Tutsiy Ruwàndaa yi ca atum 1994, te musiba moomu am ci jamono joo xam ni

François Mitterrand moo nekkoon Njiitu réewum Farãs. Loolu, jarul nu ciy am xel-ñaar. Gaa, Farãs reyul benn doom-aadama Ruwàndaa, waaye moo ngemb ña doon rey, ay reykat yu mësuta nëbb ne dañoo bëggoon a faagaagal Tutsiy réew ma[5]. »

Ci atum 1997 la Mehdi Bâ génne téereem bu jëkk, jox ko tur wu leer nàññ : « Rwanda, un génocide français[6] ». Jacques Morel teg ci téere bu am solo moom itam, « La France au cœur du génocide des Tutsi[7] ». Warees na tudd yit ndem-si-Yàlla ji Jean-Paul Gouteux mi bind « La nuit rwandaise[8] », walla filmub-mbooru Raphaël Glucksmann bi (« Tuez-les tous ![9] ») ak bu Anne Lainé (« Un cri d'un silence inouï[10] ») Waaye, lees war a bàyyi xel dëgg mooy li Mehdi Bâ ak Michel Sitbon duppe « *la révolution saint-exupérienne*[11] » ngir késal anam bu kéemaane bi liggéeyu Patrick de Saint-Exupéry soppee njàngatum diggante Farãs ak Ruwàndaa ñeel xew-xewi 1994 ya.

Kenn sañul ne « Le Figaro » mi yabaloon Patrick de Saint-Exupéry Ruwàndaa, bokk na ci yéenekaay yooyuy faral di yee fitna mbaa di bind njaaxum. Kon, ba Saint-Exupéry di dem Kigali, xalaatul woon ne dina fa gis mbaa mu dégg fa lu ko jaaxal. Njuumte lu réy la woon, ndax àddinaam yépp la faagaagalu Tustiy Ruwàndaa yi mujjee salfaañe...

Yaxal yi mu daan yónnee « Le Figaro » mënuñu woon a jëmmal dëggëntaan li Ruwàndaa meññaloon ci xolam ak ci xelam. Téere yu bare yi mu jagleel faagaagalu Tutsi yeey firndeel ne ba mu jógee Ruwàndaak léegi, mbir moomu rekk a ko soxal. Dale ko ci « L'Inavouable[12] », jaare ci « Complices de l'Inavouable[13] » ak surnaal bi mu duppe « XXI », ba ci téere bim mujj a génne, di « La traversée », bindatul ci leneen lu dul Ruwàndaa. Ci « La traversée », day nettali la mu gis Kongo ba mu fa delloo 20i at jàpp 25i at ginnaaw faagaagalu Tutsi yi. Tukki boobu mënutoon a yomb. Waaye werakoon bii di Saint-Exupéry xereñ na xereñ goo xam ni kuy jàng téere bi, sa xol day jaabante, daanaka, diggante tiis ak mbégte. Dafa demoon Kongo ngir seet ndax « ñaareelu faagaagal » gi ñuy jiiñ Kagame, ne da koo def ngir feyyu, lu amoon laam déet. Waaye moom de, nee na wax jooju ay kàcci kese la, mëneesul a méngale la Théoneste Bagosora defoon biir Ruwàndaa ak xareb Paul Kagame bi ca penkub Kongo[14].

Ci gàttal, bu dul woon farlug kurél yu mel ni « Survie » ak « Collectif des Parties Civiles pour le Rwanda » ak i boroom xam-xam yu ñépp weg ndax seen njub ak seen ormaal doom-aadama, tey leneen la ñuy wax. Farãs lëmbaaje kon na mbir mi, yàq xel yi. Bu dul woon bañkati Farãs yu dëggu yooyu te am fit, daanaka kenn du mën a ràññatle fi mu ne nii doomi Ruwàndaa yiñ bóom ak ñi leen tëral rendi. Maanaam, kenn dootul woon xam fu dëgg gi féete

[5] Julliard Jacques, « chronique hebdomadaire », *Nouvel Observateur*, awril 1998.

[6] Bâ Mehdi (1997), *Rwanda, un génocide français*, Pari, L'Esprit frappeur.

[7] Morel Jacques (2010), *La France au cœur du génocide des Tutsi*, Pari, Izuba/L'Esprit frappeur.

[8] Gouteux Jean-Paul (2002), *La Nuit rwandaise. L'implication française dans le dernier génocide du siècle*, Pari, Izuba/L'Esprit frappeur. Sàkkees nab surnaal buñ jagleel faagaagalu Tutsi yi, tudde ko noonu ngir sargal ndem-si-Yàlla ji Jean-Paul Gouteux.

[9] Glucksmann Raphaël, Hazan Pierre ak Mezerette Pierre (2004), *Tuez-les tous ! (Rwanda : Histoire d'un génocide « sans importance »)*, Dum Dum Films, La Classe américaine.

[10] Lainé Anne (2003), *Rwanda, un cri d'un silence inouï*, France 5, Little Bear Productions, Palindromes.

[11] Michel Sitbon, kàddu gu Stephen Smith fàttali ci « L'infamante accusation de "complicité" de la France est portée sans preuve », *Le Monde*, 18 awril 2004, ci lënd gi. URL : https://www.lemonde.fr/archives/article/2004/04/17/l-infamante-accusation-de-complicite-de-la-france-est-portee-sans-preuves_361502_1819218.html (jàngees na ko ci 11eelu fanu oktoobar 2021).

[12] Saint-Exupéry Patrick (de) (2004), *L'Inavouable. La France au Rwanda*, Pari, Les Arènes.

[13] Saint-Exupéry Patrick (de) (2009), *Complices de l'inavouable. La France au Rwanda*, Pari, Les Arènes.

[14] Saint-Exupéry Patrick (de) (2021), *La Traversée. Une odyssée au cœur de l'Afrique*, Paris, Les Arènes.

ñeel faagaagalug Tutsi yi. Kon, tey, bi yëf yi amee bañ teg ci 27i at, Macron doonul sant Vincent Duclert ak i naataangoom ñu def ci gëstu bu xóot te yaatu.

Ku jàng seen saabal gi, dinga gis ne kilifay Farãs yi doon liggéey ci mbir mi ci diggante oktoobar 1990 ak sulet 1994 ak sax lu ko jiitu tuuti (kolonel René Galinié misaal la ci) def nañ seen kemtalaayu kàttan ngir musal doomi Ruwàndaa yi ci jéyya ji leen doon yoot. Kilifa yu mat yooyu, nite, jéem nañ lu ne ngir seen turu réew bañ a gàkk ci mbir mi, mu ciy jële gàcce.

Mënees na cee lim Pierre Joxe, doonoon ab jëwriñ bu am fulla, daan xamal Mitterrand ne jaaduwul mu jàppe boppam ni buur, lu ko neex mu def Ruwàndaa, ndax loolu dafa xewwi te, sax, safatul kenn. Naka noonu, Yannick Gérard, ndaw la toogaloon Farãs ca Ugàndaa ak kolonel Patrice Sartre ak Antoine Anfré, « jàngatkatu Ruwàndaa » ca « Quai d'Orsay » – di màkkaanu jawriñug Bitim-réewu Farãs. Anfré, nag, bu yàggul rekk la ko Macron tabb mu doon àmbaasadëer ca Kigali, looluy biral ni diggante ñaari réew yi rattaxe jamono yi. Ndax, Anfré moomu la fi nguuru Mitterrand mere woon ba dàq ko liggéeyam.

Yàggees na wax ne DGSE (Direction Générale de la Sécurité Extérieure) miy yëddul Farãs ci àddina sépp, mësul a tàyyee artu nguuru Mitterrand, di sukkandiku, nag, ciy xibaar yu wér te wóor, doonte sax dañ doon worook li gënal ña dëju woon « Elysée » di xamb taal bi. Noonu la ñu binde ci saabalu Duclert gi ne, ci ndoorteelu « Opération Turquoise » li, DGSE daf leen a yónnee ab yëgle, di ci wax lu leer : « Aa...! Na Farãs xool bu baax a baax fi muy teg tànkam [...] bala ñuy wax ne dafa kootook nguuru Ruwàndaa gi fi ne[15]. » Ci biir saabal gi, ñoo ngi tudd geneen kayitug yëgleem : « 2i fan ci weeru me la DGSE waxoon ne FPR « jotewul dara ak cong gi waral deewub njiitu réew mi, Habyarimana », cong goo xam ne ñenn ci Hutu yiñ jàppe ni ay way-dëgëral la ko jiiñ[16]. »

Bu dee ci wàllu soldaar yi, kolonel Patrice Sartre tamit nekku fa di layam-layami. Ci toftalug saabalam la joxey turi nit ñoo xam ne njortoon nañ ne laale nañ ci faagaagal gi. Te, ñooñoo taxoon kolonel Sartre bind ne « Farãs dafa war a def lànketub-biir ci ñoom, ngir xam, ci anam bu leer nàññ, gan kilifay Farãs, ci ñi daan jokkalante saa su nekk ak ñiñ njortal njekkar li, lañ ci war a ŋàññ, lu mu dee dee ci yéenekaay yi, ci sababu kootoo ñeel waajal ag faagaagal[17]. »

Kolonel René Galinié, moom, diggante suweŋ 1988 ak sulet 1991 la nekkoon « attaché de défense » ca Kigali, di xelal Farãs ci mbirum kaaraange. Ñépp a ko seedeeloon booba gis-gis bu xóot. Doon nañu wax yit ne ku am seetlu la. Ci gàttal, nii lees birale njàngat li mu amaloon ci njëlbeenug congu FPR gi, ca weeru oktoobar 1990 : « Ci 8eelu fan ci oktoobar la xamle woon ne am na ñu ñuy metital ak a fitnaal ca Kigali. Ñoo ngi jàpp ñi ñuy tuumaal, di leen « fetal leeg-leeg ». Waaye, li mu gën a seetlu mooy ne « bu ñu dakkalul rëbb gi ñuy rëbb Tutsi yi, di seetaan ba mu àgg fum warul a àgg, ci faagaagal lay mujje » ». Ci beneen boor, kolonel Galinié mi ngi wax ne daanaka MRND mooy làngu politig gi aakimoo lépp Ruwàndaa te « fépp fu amatul i xeex, tegaat na fa loxo ». Ci 13eelu fan ci weeru oktoobar, moom Galinié ci boppam, teewe na mbir yi, wax ne « ay baykat, doon i Hutu te bokk ci MRND, gën nañoo

[15] Commission de recherche sur les archives françaises relatives au Rwanda et au génocide des Tutsi (2021), *La France, le Rwanda et le génocide des Tutsi (1990-1994)*, Pari, Armand Colin, xët 702. Ci Saabalug Duclert lañ jukkee xët yi ci suuf.
[16] *Ibid.*
[17] Saabalug Duclert, xët 890.

singali Tutsi yi, di leen rëbb ci tund yi ; nee ñu ñoo ngi rey ay nit ca diiwaanu Kibilira, te mu dande sowu-kowu Gitarama lu tollu ci 20i kilomeetar[18]. »

Seetlu bi Galinié amoon moo tax « Elysée » dàqlu leen, mook seneraal Varret mi nga xam ne, « àndul woon ci li Mitterrand bëggoon a dugal loxoom ci lëkkoob Farãs ak Ruwàndaa ; da doon xeex ngir kenn bañ koo xañ sañ-sañam, ñeel jëflantey làrmey ñaari réew yi[19]. »

Doxalin ak taxawaayu nit ñooñu, ñu doon ay maxejj walla ay soldaar, day dëggal ñiy wax ne, bu ñu mënta tuumaal Nguurug Farãs gépp sax, warees na yóbbu fa mbaxane doonee benn François Mitterand ak képp ku taq ci faagaagalug alfunniy doom-aadama yu deful dara, moo xam ndax yaa nga doon liggéey « Elysée » walla feneen.

Ndax kat, ñaari àmbasaadëer yi toppalante ca Kigali, Martres ak Marlaud, xamoon nañ bu baax liñ doon def : mbir xew na ñu war cee àddu, daldi tànqamlu, mel ni ku ci yëgul dara mbaa ñu soppi ko, ngir rekk Farãs mën a wéy di jàppale Habyarimana. Kon, ñoo ko teyoon. Xamoon nañ bu baax ni Habyarimana moo reylu Tutsiy Bugesera yi ak tamit Bagogwe yi te booba daanaka Farãs a doon kenuy nguuram. Seneraal Quesnot mi nekkoon kenn ci bëkk-néegi Mitterrand yi, Bruno Delaye, doonoon aji-digleem ci mbiri Afrig ak tof-njiit lu mag lu « Elysée », Hubert Védrine – ñuy faral di leen tudd ci saabalug Duclert gi – ñoo doon sotle ak a xelal bóomkat yi ba noppi di leen aar.

Bu dee Alain Juppé, jawriñ bi yoroon wàlluw bitim-réew, dees na faral di dégg ne moo jëkk a jëfandikoo baatu « faagaagal ». Dëgg la, waaye ba mu koy génne ci gémmiñam gi ci 16eelu bés ci weeru me, juróomi ayu-bés jàlloon nañu ba noppi, ñu jotoon cee faat, lu mu néew néew, genn-wàllu milyoŋu Tutsi. Te sax, ñeenti fan rekk laata loolu, moom Juppé moo waxoon ca Wasiŋton ne : « Ay at a ngi, nun Farãs nuy bàyyi xel ci Ruwàndaa. Jéem nan lu ne ngir juboole giir ya fay reyante. Nde, la xew ca réew moomu, xeexug giir kese la, du leneen[20]. » Buñ waxantee dëgg, kàddu yooyoo gën a méngook ay xalaati Juppé. Te yit, jéego yi mu mës a seqi yépp ci turu réewam, ay firnde yu leer lañ ci. Dëgg la, ci weeru awril wii weesu, Alain Juppé jéggalu na ci yéenekaay « Le Monde », dem sax ba ne mënees na nangu yenn ci tuumaa yi ñuy tuumaal Farãs ñeel faagaagalug Tutsi yi ca Ruwàndaa. Kàddu yooyu yëngal xol yi, ñépp ni : « Aa ! Guléet ! Juppé mii nga xam ni ku mas a tudd turu réewam ci mbir mile mu defante kook yow ba mu saf sàpp ! » Moo taxoon tamit ñu bare jàpp ba tey ne xel mee ko yedd te loolu mu bind dëgg la ci moom, mu tibbe ko fu sore ci xolam.

Waaye duñ woon dara lu dul ay kàdduy naaféq tigi. Ku ko weddi, jàngaatal li Juppé bind ci Le Monde. Da ni : « Xareb Farãs a nga woon Ruwàndaa ngir aar sunuy doomi-réew. Waaye mënun woon jàmmaarloo, nun kott, ak bóomkat ya, ngir ñu dakkal seeni ñaawteef. Soxla woon nanu ndimbalug làrmeb Itali, ndimbalug Amerig ak bu soldaari Mbootaayu Xeet yi[21]. » Képp ku xam na diggante Pari ak Kigali deme woon dëggëntaan ci atum 1994, dinga xam ne wax jooju ay fen yu tooy xepp la. Lees war a bàyyi xel moo di ne bóomkati Ruwàndaa

18 Saabalug Duclert, xët 774.
19 Saabalug Duclert, xët 754.
20 Saabalug Duclert, xët 941.
21 Alain Juppé, « Nous n'avons pas compris qu'un génocide ne pouvait supporter des demi-mesures », *Le Monde*, 7 awvril 2021, ci lënd gi. URL : https://www.lemonde.fr/idees/article/2021/04/07/alain-juppe-sur-le-rwanda-nous-n-avons-pas-compris-qu-un-genocide-ne-pouvait-supporter-des-demi-mesures_6075875_3232.html (jàngees na ko ci 11eelu fanu oktoobar 2021).

ya, ci waawu François Mitterrand lañ doon dox, bu yëkkati woon yollosoom rekk ne leen wéer leen seeni gànnaay, doonuñu ci ñemee teg baat. Kon, ne fi naan yeneeni réew waroon nañ jàppale Farãs, waxu ku danoo ci saret la.

Juppé mi doon jawriñu Bitim-réewu Farãs xamoon na loolu bu baax a baax. Te sax, xanaa du ba rey yi nee kurr Ruwàndaa la dalaloon ca Quai d'Orsay Jérôme Bicamumpaka, bóomkatu Tutsi bu mag boobu doonoon tamit naataangoom ? Moom daal, ku gis ni Alain Juppé di néewalee bakkani Tutsiy Ruwàndaa yi, sa xol du jeex yem ci, sa bopp tamit dafay ubu.

Mitterrand mi doon ndeyu-mbill gi, nag, lépp lu mu def Ruwàndaa moo ko teyoon, teyati ko : soxlawul woon ku sëgg ciy noppam di ko digal, naan ko lii nga war a def, waroo def laa. Du benn yoon bu mu wone ne am na xel-ñaar ci mbir mi. Dara jàppul yenn politiseŋ yi lu dul réy, di jaay ne dañoo xam mboorum niteef gi ba mu jeex tàkk : dañ noo bëgg a gëmloo ne duñuy niti neen, fiñ toog di jéer Démb ñoo ngay waajal Ëllëg. Noonu la Mitterrand mës a doxale. Te li ci gën a yéeme mooy ne, ci wàllu Ruwàndaa, moom ak ña sooke woon lees duppe ci nasaraan « la Révolution sociale hutu » bu Grégoire Kayibanda, ci njeexitalu atiy 50 yi, ñoo bokk wenn xalaatin. Amul dara lu leen wutale. Ni Mitterrand jàppe demokaraasi ci li mu duppe « réew yooyu » – maanaam sunu sagari réewi Afrig yi tekkiwul dara ci gis-gisam – mooy ne ku ëpp mbooloo yaa yelloo jiite. Looloo tax Mitterrand ak i ñoñam yi ko gënoon a jege, mësuñoo xalaat ne Tutsi yi dinañ delluwaat yilif Hutu yi ca Ruwàndaa te deret ju bari du fa tuuru.

Ni Ruwàndaay doxe tey ci njiiteefu Paul Kagame day firndeel ne, am réew, bu fa faagaagal jotee am sax, mënees na faa fàtte lépp lu jëm ci waaso, mànkoo tabax ko. Nde, Saa-Belsig yi nootoon Ruwàndaa, ci waaso yi lañ jaare woon, nax nit ñi, féewale leen, saxal seen nguuru nooteel.

Bu loolu weesoo, soo dee Saa-Senegaal, bokk ci réewi Afrig yi Farãs di xañ seen péexte te tudde leen « *les pays du champ* », lu ne ngay jàng ci saabalu Duclert gi, doo ko gëme, day mel ci yow ni këllu-kuus goo for ci àll bi. Daanaka xibaar yi la Xonq-Nopp yeek seen dunguru yu ñuul yi doon nëbb yépp a ngi ci biir ne fàŋŋ-fàŋŋaaral. Kon, dinga ci jàng yu am a am solo ñeel doxinu « Françafrique », xam naka la saay-saay yiy defe seeni njuuj-njaaj bu leen wóoree ne ñoomi neen la… Ci misaal, dees na ci gis ne, miinante bu jéggi dayo bi ñuy faral di seetlu diggante aji-dëkk « Elysée » ji ak surgaam yu ñuul yi, ëpp naa soofantal te lu fi sax la. « Sama doomu-ndey » la Bokassa daan woowe Giscard, di woowe De Gaulle « baay sama » ; Chirac, Sassou-Nguesso ak Omar Bongo, ñoom, dañoo amoon seen gàngóor, ànd di saax-saaxe alalu Afrig waaye saa yuñ wéetee ñu ngay càkkaay, màndi bay tërëf-tërëfi, di xàqtaay, di pàkkarñi, di jaay ngóoraak naan-kaani. Ku leen fa bettoon, ñuy fo ak a ree noonu, boo deful ndànk ne coxor giñ leen di jiiñ newul ci ñoom, néeguñoo rey sax ginaar. Dëgg la, Mitterrand ak Habyarimana daawuñu àgg ba foofu wànte ku ci nekk jàppoon nga sa moroom ni sa xaritu benn bakkan. Looloo nëxaloon xelu Mitterrand ba kenn mënu ko woon a wax ci Ruwàndaa lu mu dégg, rawatina bu dee dangay jéem a sikk Habyarimana. Rax-ci-dolli, jamono jooju, kor Danielle dafa feebaroon, di naax. Foofu la naataangoomu Ruwàndaa bi jaare, dëkkee jéggi dig yépp, di am ci Farãs lépp lu mu bëgg.

Te yemul foofu.

« Françafrique », baat la bu ponkalum xeltukat bu ñu doon wax François-Xavier Verschave, tëggoon ciy jamono. Li mu ko dugge woon mooy biral ne Farãs dafa delloo réew yu mel ni Senegaal, Kodiwaar ak Càdd seen moomeel ak loxo ndeyjoor ba noppi nanguwaat kook loxo càmmooñ ! Te ni mu koy defe, mooy teg ci boppu réew yooyu ay xuusmaanjàpp, ñu toogal ko fa, mu leen di jël-loo ay dogal yuy tooyal ceebam, moom Farãs, boo ko déggalatulee sab xare déjjati la… Fekk moo jaar ci ginnaaw !

Kon, bu weesoo Ruwàndaa, saabalu Duclert gi da nuy fàttali naka la Macron, gone gu juddoogul sax, di def bay doon buur, doon bummi ci réewi Afrig yi fi Farãs tegoon loxo.

Jaay doole doŋŋ…

Waaye ni yëf yi yombe woon noonu ci Tubaab yi, moo leen taxoon a naagu, dem ba fàtte ne Ruwàndaa du Senegaal, du Kamerun du Togo, xaajuñoo niroo, sax. Njuumte lu mag li moo doon ne saa yu Farãs xoolaan Ruwàndaa, du gis lu dul réewum dunguru, mu maasaloo ci xelam ak yeneen réewi Afrig yi mu jàpp ne war nay tegaley xarnu di leen noot – mbaa sax mu war leen a noot ba fàww. Looloo waraloon seneraal Quesnot bind bés ne xel dajul Mitterrand di jàmbu Habyarimana, ndax bu ko defee dina « yàq sunu der, sunu naataangooy Afrig yi dootuñu wóolu Farãs[22]. » Ginnaaw gi, gën naa leeral kàddoom yooyu cib bataaxal bum yónnee Roland Dumas, ni ko : « Bés bu nu juumee ba génne sunu loxo ci mbir mi, dummóoyu Ruwàndaa, dina nu yàqal lu bari te mënees na cee lim yii : dinañ ne ay noon song nañu sunu xarit te jàpplewuñ ko, te loolu day njuuy sunuy pexe (ndax noo fi waxoon ne : « dunu toog di seetaan ba Kigaliy daanu »). Sunu pólitig ñeel Afrig fa lay jaare naax-saay. Lii tamit jar naa sóoraale : bu faagaagal amee, te moo nar a am, dinañ nu ko jiiñ[23]. »

Quesnot di xamal yit Mitterrand ne Pari dafa war a aar « francophonie », maanaam mbootaayu réew yiy làkk farañse, « ndax Àngalteer a ngi jàppale bu baax Museveni ak waa FPR yi te bun sàgganee léegi Tutsi yi moomandoo Ugàndaa, Burundi ak Ruwàndaa yépp te loolu du yoon ndax seen mbooloo takkuwul[24]. »

Gis-gis boobu moo doon itam bu Hubert Védrine, mu tënk ko ci li mu tudde « ndigaaleb Farãs ngir sàmm kaaraangey bépp réewu Afrig mu ko dénk sa bopp ».

Buñ ko nattee ci Ruwàndaa, lenn rekk lay wund : jaadu na Pari dal ci kow képp kuy noonook nguur gu Farãs di xaritool, di ko jàppale, rawatina bu dee ñi koy song ay doxandéem yuy làkk àngale lañu, bawoo Ugàndaa, di am réew muy làkk àngale.

Looloo tax kàgguy ceedeefi Farãs yi fees dell ak mbiri Ruwàndaa, « gisey-mberu » yi daan tegaloo ca « Elysée », ñu fa daan amal yit saa su nekk yeneeni ndaje yuñ jagleel faagaagalug Tutsi yi.

Ni saabalu Duclert gi tasee tey, yi ko jiitu yi tasewuñ ko woon noonu. Jamonoy mbaali-jokkoo jin nekk moo yombal siiwalam. Waaye tamit ay boroom xam-xam yu maandu ñoo ci liggéey ci ndigalu Njiitu-réew moo xam ne, bi mbir miy xew, fukki at ak juróom-benn doŋŋ la amoon. Siiwalees na bu baax kàddu yi tënk liggéeyu Duclert bi ak i naataangoom ; te loolu rekk la ci ñépp di fàttaliku. Dañ ne gisuñu dara luy biral kootoo diggante Farãs ak nguuru

[22] Saabalug Duclert, xët 232.
[23] Saabalug Duclert, xët 234-235.
[24] Saabalug Duclert, xët 242.

Ruwàndaa ga giñoon ne dina rey Tutsi ya fay yeewoo yépp. « Waaye Farãs jàppale na nguur googu ay ati at te yit masul a nangoo gis ne kilifa ya gënoon a bañ Tutsi yi ñoo nga doon waajal faagaagal gi ». Kon, « mënees na wax ci lu amul benn werante ne, Farãs, loxoom setul ci mbir mi, ndax bu doxale woon neneen xéy-na li am du am ».

Foofu, saabal gi teg na ci lu réy lii : lu jiin Njaag a te François Mitterrand mooy Njaag. Mu tekki ne ki jiite Farãs fukki at ak ñeent di jëf, di wax ci turam, wax na, def na lu tax ñu bóom lu ëpp benn milyoŋu doom-aadama yu xamul woon sax fu Pari féete. Lu leen tee takk seen fit tudde loolu kootoo te xam ne du leneen ?

Waaye tuumal ag Nguur gu am doole ni nguuru Farãs cig faagaagal gu leer nàññ, mënut a yomb. Xel mën naa nangu ne, saabal gi, laata ñu koy fésal, waxtaanees na ko ci pet ak Macron, natt baat bu ci ne, faramfàcce ko. Lii tamit leer na : àddina jin nekk tey, ak ni muy doxe, way-bokki « Ndajem Gëstu » mi mënuñu woon a jéggi mbaa làq dëgg gi. Doon na jaaxal nit ñi, bu fekkoon ne biraluñ xeetu déggoo wi doon dox diggante njiiti Farãs yi ak ñoomin Bagosora ak Nahimana ak yeneeni bóomkati Ruwàndaa yu ñàng ya. Boroom xam-xam yi def gëstu bi binduñu ko waaye niñ gis Mitterrand doxale ko Ruwàndaa tax ñu jéppi ko, génn ci moom, daanaka. Ñépp xam nañ léegi ne bu dul woon moom ak ña ko wëroon ca « Elysée », suufu Ruwàndaa si du naan deret ju ni tollu. Lees war a nangu rekk mooy ne fésal dëgg gépp ñeel ag faagaagal, fàww mu jafe te jaruta yàkkamti. Dëgg gu ni mel, day raam lu yàgg, naqar ak gàcce di ko dar, laata mu naan fàŋŋ, ku nekk di ci teg say bët.

Fukki at ci ginnaaw rekk, kenn sañul woon xalaat ne ñaari njiiti réewum Farãs dinañ toppante Gisozi, taxaw fa di siyaare Tutsi ya seeni dunguru reyoon ci atum 1994. Ki ci njëkk, Nicolas Sarkozy, dem na ba nangu ay « njuumtey Farãs » ci mbir mi, doonte gëmul woon dara ci lim doon wax. Keneen ki moom, Emmanuel Macron, dafa weeju – walla mu xaw a weeju…– ciy kàddu yu daw yaram, doon féey, daanaka, ci dexug rangooñ.

Ci atum 1994 la bindkat bu ñuy wax Pascal Krop génneb téere, tudde ko « Le Génocide franco-africain. Faut-il juger les Mitterrand ?[25] ». Jamono jooju, ñu bari dañoo jàppoon ne yaram wi neexul. Ñu naan : « Àtte Mitterrand, tàww ? Ku ànd ak sagoom mënuta wax lu ni mel ». Wànte ndax am nay kàddu yu leen gën a yenu maanaa tey jii ? Àtte Mitterrand, lu xel yépp mën a nangu la fi mu ne nii. Loolu rekk, ab jéego bu réy la. Li ci des rekk moo di am yaakaar ne Farãs dina gën a xoolaat boppam, wéyal njàngat li ñeel doxalinam ca Ruwàndaa. Saabal gi Vincent Duclert jébbal Macron mooy ñetteel bi waaye du bi mujj. Yeneen dinañ ci topp. Ku mu neex wax ne, Mitterrand ak doomam Jean-Christophe, Quesnot, Martres, Védrine ak ñoom seen, niñ leen di mbambe nii, day yokku, du wàññeeku. Ndax, kat, ku boot bukki, xaj baw la.

Bubakar Bóris Jóob<br>fentaakoon (Senegaal)

## Fees gëstoo

[25] Krop Pascal (1994), *Le Génocide franco-africain. Faut-il juger les Mitterrand ?*, Pari, Jean-Claude Lattès.

BA Mehdi (1997), *Rwanda, un génocide français*, Pari, L'Esprit frappeur.

BANCEL Nicolas (2002), « Les médias français face au Rwanda. De l'intervention française de 1990 au génocide », *Africultures*, 30, ci lënd gi. URL : http://africultures.com/les-medias-francais-face-au-rwanda-1471/ (jàngees na ko ci 11eelu fanu oktoobar 2021).

CHOMSKY Noam ([2005] 2006), *La Doctrine des bonnes intentions. Entretiens avec David Barsamian*, Pari, Fayard.

COMMISSION DE RECHERCHE SUR LES ARCHIVES FRANÇAISES RELATIVES AU RWANDA ET AU GÉNOCIDE DES TUTSI (2021), *La France, le Rwanda et le génocide des Tutsi (1990-1994)*, Pari, Armand Colin.

GLUCKSMANN Raphaël, HAZAN Pierre ak MEZERETTE Pierre (2004), *Tuez-les tous ! (Rwanda : Histoire d'un génocide « sans importance »)*, Dum Dum Films, La Classe américaine.

GOUTEUX Jean-Paul (2002), *La Nuit rwandaise*. *L'implication française dans le dernier génocide du siècle*, Pari, Izuba/L'Esprit frappeur.

KROP Pascal (1994), *Le Génocide franco-africain. Faut-il juger les Mitterrand ?*, Pari, Jean-Claude Lattès.

LAINE Anne (2003), *Rwanda, un cri d'un silence inouï*, France 5, Little Bear Productions, Palindromes.

MOREL Jacques (2010), *La France au cœur du génocide des Tutsi*, Pari, Izuba/L'Esprit frappeur.

SAINT-EXUPERY Patrick (de) (2004), *L'Inavouable. La France au Rwanda*, Pari, Les Arènes.

__________ (2009), *Complices de l'inavouable. La France au Rwanda*, Pari, Les Arènes.

__________ (2021), *La Traversée. Une odyssée au cœur de l'Afrique*, Pari, Les Arènes.